



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO NAN NEW YORK, GOUVÈNÈ BROWN NAN KALIFÒNI, AK
GOUVÈNÈ INSLEE NAN WASHINGTON, ANONSE FÒMASYON ALYANS KLIMATIK
ETAZINI**

***Cuomo, Brown ak Inslee pral Prezide Alyans la a yo Twa, e Yo Ankouraje Lòt Eta
vin fè Pati Alyans la***

An repons a desizyon Prezidan Trump pou li retire kò l nan Akò Klimatik Pari a (Paris Climate Agreement), Gouvènè New York Andrew M. Cuomo, Gouvènè Kalifòni Edmund G. Brown Jr, ak Gouvènè Eta Washington Jay R. Inslee, anonse jodi a fòmasyon Alyans Klimatik Etazini (United States Climate Alliance), yon kowalisyon ki pral konvoke Eta Etazini ki pran angajman pou respekte Akò Klimatik Pari a e pran mezi agresif kont chanjman klimatik.

“Desizyon enpridan Mezon Blanch la pou li retire kò li nan Akò Klimatik Pari a gen repèkasyon devastatè non sèlman pou Etazini, men pou planèt nou an. Administrasyon sa a ap abdiye lidèchip li epi rete dèyè lòt peyi nan lit global la kont chanjman klimatik”, **Gouvènè Cuomo te di.** “Eta New York pran angajman respekte nòm ki tabli nan Akò Paris a kèlkeswa mezi iresponsab Washington ap pran yo. Nou pap inyore lasyans ak reyalite chanjman klima a, se poutèt sa m ap siyen yon Dekrè-Lwa tou ki konfime wòl lidèchip New York la nan pwoteje sitwayen nou yo, anviwònman nou an, ak planèt nou an.”

New York, Kalifòni, ak Washington reprezante plis pase yon senkyèm nan Pwodwi Domestik Brit peyi Etazini (U.S. Gross Domestic Product). Yo pran angajman pou atenn objektif Etazini ki se redwi emisyon gaz toksik de 26-28 pousan parapò ak nivo 2005 yo epi atenn oswa menm depase objektif Plan Enèji Pwòp (“Clean Power Plan”) gouvènman federal la.

“Prezidan an te deja di chanjman klimatif se yon blòf, sa ki egzakteman lekonntrè tout opinyon syantifik atravè lemond”, **Gouvènè Brown te deklare.** “Mwen pa kwè konbat lareyalite se yon bon estrateji – ni pou Etazini, ni pou okenn moun. Si Prezidan an pa vle enplike nan gwo jefò imanite sa a, ebyen Kalifòni ak lòt eta ap leve kanpe pou kontinye travay la.”

“Mwen fyè pou m leve kanpe avèk lòt gouvènè pou asire ke pandan Washington D.C. li

menm ret entatad, nou menm se travay n ap travay”, **Gouvènè Inslee te deklare.** “Anons prezidan an fè jodi a mete responsablite aksyon klimatik sou zepòl eta ak vil atravè peyi nou an. Aksyon prezidan nou an se yon wont ki ale alankont travay ki nesèsè pou pwoteje planèt nou an pou pitit nou ak pitit pitit nou. Eta yo, sou bò pa yo, ap kontinye leve kanpe kòm oparavan.”

Ansanm, New York, Kalifòni, ak Washington reprezante apeprè 68 milyon moun – prèske yon senkyèm popilasyon ameriken an – e eta sa yo responsab omwen 10 pousan emisyon gaz toksik Etazini. Kalifòni pral kontinye travay depre ak lòt eta pou ede konble vid gouvènman federal la kite.

Grasa patisipasyon tout manm yo, Alyans Klimatik Etazini pral sèvi tou kòm yon fowòm pou kenbe e ranfòse pwogram klimatik ki deja egziste, ankouraje pataj enfòmasyon ak pi bon pratik, epi mete nouvo pwogram sou pye pou diminye emisyon kabòn ki sòti nan tout sektè nan ekonomi an.

Lidèchip New York sou Chanjman Klimatik yo

Rediksyon Degajman Gaz a Efè Sèr yo (Greenhouse Gas Emission Reductions): Yo te etabli objektif pou rediksyon degajman gaz a efè sèr yo pou yo redwi degajman a 40 pousan pi ba pase nivo ane 1990 yo avan 2030 ak 80 pousan pi ba pase nivo ane 1990 yo avan 2050. Objektif sa yo te rann New York vin yon lidè atravè tout peyi a nan lit kont chanjman klimatik yo.

Inisyativ Rejyonal Kont Gaz a Efè Sèr yo (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI): Yo te dirije fòmasyon pwogram sistèm plafonman ak echanj reyisi RGGI la ant eta nòdès ak eta milye atlantik yo, yo te mennen efò pou redwi limit degajman kabòn RGGI la a 45 pousan mwens an 2014, epi resaman yo te mande pou yon limit rediksyon adisyonèl a omwen 30 pousan ant 2020 ak 2030.

Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV): Yo te etabli yon estrateji enèji global pou rann vizyon sistèm enèji ki pwòp, rezistan ak abòdab la vin yon reyalyte, pandan yo ap estimile inovasyon enèji, atire nouvo djòb, ak amelyore chwa konsomatè yo.

Estanda Enèji Pwòp la (Clean Energy Standard): Yo te etabli manda pou enèji pwòp ki pi global ak pi anbisyè nan istwa eta a, k ap egzije 50 pousan kouran yo itilize nan New York soti nan sous enèji renouvlab tankou van ak solè avan 2030.

Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund): Yo te etabli yon fon 5 milya dola ki pou estimile inovasyon teknoloji pwòp, mobilize envestisman prive, kapitalize pi gwo Green Bank nan peyi a, epi ede elimine baryè sou mache a pou rann enèji pwòp pi ekstansib ak pi abòdab pou tout Nouyòkè yo.

New York San Chabon (Coal-Free): Yo te pran angajman pou fèmen oswa reyalymanse tout izin elektrik ki sèvi ak chabon nan New York yo an favè sous enèji ki pi pwòp avan

2020.

Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind): Yo te apwove pi gwo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot Long Island lan an 2017; epi yo te pran angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 gigawatt Enèji ewolyèn olaj zòn kot yo avan 2030.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418